

PRAYER 316

Kadospundi cara kula ndedonga?

Kadospundi cara kula matur marang Gusti? Ndedonga punika matur marang Gusti. Alkitab punika Gusti ingkang ngendika kaliyan kita. Sinaoni punapa ingkang diwulangaken Alkitab kangge kita bab donga. *"Nalika Panjenenganipun [Yesus] saweg ndedonga ing sawijining panggenan, sakwise Panjenenganipun rampung, salah setunggal muridipun matur marang Panjenenganipun, 'Gusti, wulanga kita ndedonga,'"* Lukas 11:1. Ndedongaa kanthi donga ingkang sami. Piwulangan Alkitab bab donga kalebet pepujan, ucapan sukur, pangakuan dosa, lan panyuwunan sesembahan. Pepujan nginggilaken, ngurmati, lan mulyakaken Gusti, Mazmur 34:1-3. *"Sembahaken terus-terusan kurban pepujan marang Allah,"* Ibrani 13:15. Ucapan sukur punika amargi punapa ingkang sampun Panjenenganipun lakoni. *"Punika sae kangge ngucap sukur marang Gusti,"* Mazmur 92:1. Pangakon dosa punika amargi dosa kita. *"Yen kita ngakoni dosa, Panjenenganipun setya lan adil kangge ngapurani dosa kita lan ngresiki kita saking sedaya ingkang mboten adil,"* 1 Yohanes 1:9. Ngendikakaken panyuwunan panjenengan marang Allah amargi Panjenenganipun nimbali panjenengan kangge nyuwun marang Allah. *"Kanthi donga lan panyuwunan kaliyan raos sukur, nyatakaken panyuwunan panjenengan marang Allah,"* Filipi 4:6. Panyuwunan marang Allah kangge nyekapi kabutuhan rohani lan jasmani panjenengan wonten lebet donga Bapak Kita ing Matius 6:9-13. Donga punika hak istimewa lan kasempatan khusus panjenengan kangge ngendika marang Allah ingkang gesang. *"Soca Gusti katuju marang tiyang-tiyang ingkang leres lan talingan Gusti kabikak kangge mireng swara panjenenganipun,"* Mazmur 34:15. *"Kedaha saben tiyang ingkang saleh ndedonga,"* Mazmur 32:6.

Ing pundi kula kedah ndedonga? Ndedonga ing gedhung-gedhung keagamaan lan pepanggihan-pepanggihan punika sae. Nanging, Yesus ngendika, *"Allah punika Roh, lan sinten manembah Allah, kedaha panjenengane manembah lebet roh lan kaleresan,"* Yohanes 4:24. Donga ingkang efektif mboten gumantung wonten panggenan fisik panjenengan. Yesus ngendika, *"Ampuna panjenengan kados tiyang-tiyang munafik yen panjenengan ndedonga, sebab panjenenganipun remen ngadeg lan ndedonga ing panggenan-panggenan ngibadah lan ing pinggir-pinggir dalan supados diprisani tiyang. Saktenane Kula ngendika marang panjenengan, upah panjenengane sampun cekap. Nanging panjenengan, yen panjenengan ndedonga, mlebeta wonten lebet kamar panjenengan, tutupa lawang panjenengan, lan ndedongaa marang Bapakmu ingkang ing panggenan ndhelik, lan Bapakmu ingkang mrisani punapa ingkang dilakoni ing panggenan ndhelik badhe maringi upah panjenengan,"* Matius 6:5-6. Donga ingkang efektif mboten gumantung kaliyan panggenan panjenengan ndedonga. Puniku gumantung kaliyan kahanan manah panjenengan. Ndedongaa ing panggenan umum. Ndedongaa kanthi piyambak.

Kedaha kula ndedonga sinambi ndhungkluk? Yesus, Paulus, lan Daniel nglakonine, Lukas 22:41, Cariyos Para Rasul 20-36, lan Daniel 6:10. Ndedongaa sinambi ndhungkluk. Nanging, tiyang sanes lebet Alkitab ngadeg, nyawang wonten langit, nguluraken utawi ngangkat asta, mbungkuk wonten lemah, lan ngadhep tembok. Posisi awak ateges lebet donga namung yen puniku ngungkapaken kahanan manah panjenengan.

Kadospundi kedahipun kula ndedonga? Cara ndedonga sami pentinge, utawi malah luwih penting, tinimbang punapa ingkang kersa diaturaken. Donga Alkitabiah punika curahan manah ingkang kabikak lan jujur marang Gusti. Mboten wonten camboran tembung, *frase*, utawi tembung khusus kangge ndedonga, utawi kangge diucapaken, ingkang meksa Gusti kangge maringaken punapa ingkang Panjenengan suwun marang Gusti. Pitudhuh lan conto lebet Alkitab njangkep ndedonga:

Kanthi manah ingkang kebak sukur, 1 Tesalonika 5:18.

Kanthi katulusan, sanes kanthi apalan, Yesaya 29:13.

Tanpa pangulangan ingkang mboten wonten tegesipun, Matius 6:7.

Kanthi tarbuka, langsung, lan jujur, Yesaya 37:14-17.

Kanthi pangabden lan katekunan, Kolose 4:2, Lukas 11:5-10, 18:1-8.

Terus-terusan, tanpa mandheg, 1 Tesalonika 5:17.

Kanthi usaha ingkang tenanan, Roma 15:30.

Lebet setunggal kaliyan tiyang-tiyang pracaya liyane, Matius 18:19-20, 1 Timotius 2:8.

Kanthi iman ingkang ageng, Yakobus 1:6-7, Ibrani 11:6.

Pas kersane Gusti, Yohanes 15:7, 1 Yohanes 5:14-15.

Lebet asma Yesus, pas kersanipun Gusti dados wakilipun Gusti, Yohanes 14:13, 15:16.

Punapa ingkang kedah kula dongakaken? Lebet Donga Bapak Kita, Yesus mulangaken murid-muridipun kangge ndedonga kagem kabutuhan jasmani lan rohani panjenenganipun sadinten-dinten. Lebet donganipun ing Yohanes 17, Yesus ndedonga kangge awakipun piyambak, murid-muridipun, lan kangge Donya. Yesus janji bilih donga ingkang setya, ingkang pas kaliyan kersane Gusti, ingkang dipanjataken kangge Bapak, lebet asmanipun badhe diwangsul, Yohanes 15:7, 16, 16:23, 1 Yohanes 5:14-15. Pangengken lan conto Alkitab liyane bab punapa ingkang kedah panjenengan dongakaken kadosa:

Hikmat, Yakobus 1:5, 2 Tawarikh 1:7-12.

Kamakmuran rohani, Kolose 1:9-12.

Tiyang-tiyang ingkang nglakokaken panjenengan kanthi awon, Lukas 6:28.

Pamantuan puniku mungkin, Yakobus 5:14-15, nanging mboten kangge sedaya tiyang, 2 Korintus 12:7-9.

Setunggal kaliyan liyane, Efesus 6:18, Yakobus 5:16.

Pamarentah panjenengan, 1 Timotius 2:1-2.

Dhaharan panjenengan, Matius 6:11, Markus 6:41, 8:6-7.

Panjenenganipun ingkang mbetahaken Kristus, Roma 10:1.

Para buruh kangge mawartosaken Injil, Matius 9:37-38.

Bikaka lawing kangge Injil, Kolose 4:3-4.

Allah miring lan mangsul donga panjenengan. Kebaki sarat-sarat Allah kangge ndedonga lan Panjenenganipun badhe mangsul panjenengan. Wangsul Allah mungkin awujud *nggih, nggih ingkang katundha*, utawi *mboten*. Panjenenganipun mungkin maringaken luwih saking ingkang panjenengan suwun utawi pikiraken, Efesus 3:20. Nggih ingkang katundha saking Allah mungkin kangge njangkepi awak panjenengan utawi tiyang sanes kangge wangsulanipun Gusti. Utawi wangsulanipun Gusti awujud *mboten ingkang final*. Ndedongaa kanthi iman marang Gusti lan sedayanipun pracaya marang wangsulanipun Gusti.

Semangat panjenengan penting. *"Panjenengan nyuwun nanging mboten narima, amargi panjenengan nyuwun kanthi motif ingkang lepat, yaiku kangge nelasaken kangge kabungahan panjenengan,"* Yakobus 4:3.

Bojo, lakonana garwa panjenengan kanthi sae. Alkitab mulangaken bilih bojo kedah asih marang garwanipun kados Kristus asih marang jemaat, nresnanine, mangertosine, lan ngurmatine dados ahli waris ingkang sami saking asih karunia gesang, *"Supados donga panjenengan mboten kaalang,"* 1 Petrus 3:7.

Ngapurani tiyang sanes. Tumindak mboten kersa ngapurani ngalangi donga-donga panjenengan. Pangapuran panjenengan marang tiyang sanes nuduhaken pangapuran ingkang kedahipun panjenengan arepaken saking Gusti, Markus 11:25, Matius 5:23-24, 6:12-15. Dadosa tiyang ingkang leres.

Tumindaka resik kanthi rohani ing ngajengipun Allah, lajeng donga panjenengan badhe ngasilaken kathah bab. *"Donga tiyang ingkang jujur punika karemenanipun Gusti,"* Amsal 15:8. Nanging, yen tiyang mlipir saking ukum Gusti, *"Donganipun punika kaawonan,"* Amsal 28:9. Allah ngindhungi, nyiapaken, lan nyampurnakaken panjenengan. Panulakan lan panundhan saged dados kangge kasaeen panjenengan.

Gusti ngindhungi panjenengan nalika panjenengan mboten pirsia bilih punapa ingkang panjenengan suwun badhe nglarani panjenengan. Gusti tepang panjenengan luwih sae tinimbang panjenengan tepang awak piyambak. Kadhang, Gusti ngendika mboten amargi Panjenenganipun pirsia mangsa ngajeng panjenengan lan pirsia punapa ingkang paling sae kangge panjenengan. Kadhang panundhan puniku wonten kangge maringi panjenengan wekdal kangge nyiapaken awak narima wangsulan Gusti. Kadhang panulakan lan panundhan Gusti rawuh kangge ngiyataken iman panjenengan. Tarimaa wangsulan Gusti kanthi iman lan ucapan sukur. Gusti pirsia punapa ingkang Panjenenganipun lakoni. Ngendikaa marang Gusti. Panjenenganipun mirengaken. Ndedongaa!

"Lebet sedaya bab ucapaken sukur, amargi punika kersane Allah kagem panjenengan lebet Kristus Yesus."

1 Tesalonika 5:18

Kadospundi Kula Ndedonga? © 2026 dening John D. Morris III diwedharaken dening Acts One Eight. Panjenengan bebas nyithak, nyalin, mosting, ngirim email, utawi ngirim pesen kanthi konten ingkang mboten owah kalebet pranyatan jangkep puniki. Panjenengan saged nambahaken asma utawi logo paladosan utawi greja panjenengan ing bageyan inggil kaca setunggal lan nambahaken pawartos kontak panjenengan ing inggil garis padhet ing cedhak bageyan ngandhap kaca kalih. Prayer 316 namung dhedhasaraken Alkitab. Tujuwanipun punika kangge ngewangi tiyang ndedonga lan tuwuh lebet gegayutan panjenenganipun kaliyan Gusti. Panjenengan saged ngirim email wonten Acts One Eight (lebet basa Inggris yen mungkinaken) wonten: Hello@Mail316.org. Ladosan panerjemahan disedhiyakaken dening www.ChristianLingua.com. *Kadospundi Kula Ndedonga?* kasedhia lebet 48 basa kanthi gratis ing www.Prayer316.org. Pethikan lebet versi basa Inggris asalipun saking The Lockman Foundation's New American Standard Bible 1995. Pethikan Alkitab lebet terjemahan puniki asale saking: Alkitab Basa Jawa 2006. Javanese Bible version in revision 2006.